

## Khutbah Idul Fitri Bahasa Sunda

### NYALIKSIK PAROBAHAN DIRI KU IBADAH PUASA

<https://pcnucilacap.com/khutbah-idul-fitri-nyaliksik-parobahan-diri-ku-ibadah-puasa/>

اللَّهُ أَكْبَرُ, اللَّهُ أَكْبَرُ, اللَّهُ أَكْبَرُ, اللَّهُ أَكْبَرُ, اللَّهُ أَكْبَرُ, اللَّهُ أَكْبَرُ, اللَّهُ أَكْبَرُ, اللَّهُ أَكْبَرُ.  
 لِإِلَهِ الْإِلَهِ وَاللَّهُ أَكْبَرُ, اللَّهُ أَكْبَرُ وَ لِلَّهِ الْحَمْدُ, اللَّهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ  
 بُكْرَةً وَأَصِيلًا. لِإِلَهِ الْإِلَهِ وَحْدَهُ, صَدَقَ وَعْدُهُ, وَنَصَرَ عَبْدَهُ, وَأَعَزَّ جُنْدَهُ وَهَزَمَ الْأَحْزَابَ  
 وَحْدَهُ. الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي حَرَّمَ جَسَدًا عَلَى النَّيْرَانِ, عَلَى مَنْ فَرِحَ بِدُخُولِ رَمَضَانَ  
 وَفَضَّلَهُ بَيْنَ الشُّهُورِ وَالْأَيَّامِ, لِأَنَّهُ شَهْرٌ أَنْزَلَ فِيهِ الْقُرْآنَ, أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَعَدَّ مَنْ  
 صَامَ رَمَضَانَ إِيْمَانًا وَاحْتِسَابًا بِالْغُفْرَانِ, وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ نَالَ ثَوَابَ لَيْلَةِ  
 الْقَدْرِ فِي كُلِّ حَالٍ وَرَمَانَ, اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ أَفْضَلِ الْأَسْوَةِ  
 وَالْإِمَامِ, وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ يَتَّبِعُونَ إِلَى دَارِ السَّلَامِ. أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا الْإِخْوَانُ, اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ  
 تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ, أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا  
 كُتِبَ عَلَيْكُمُ الصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ

Mimiti sadayana, hayu urang sholawat sareng puji syukur ke hadirat Allah SWT anu parantos maringi kabugaran anu hadé dina bentuk kasehatan supaya urang sadayana tiasa hadir dina kasempetan anu bahagia ieu nyaeta sareng ngarakeun dinul 'iedul fitri. Uring khatib haturkeun Minal 'aidzin wal faizin..

Dina kasempetan ieu, kuring badé masihan khutbah 'iedul fitri, kana judul 'NYALIKSIK PAROBAHAN DIRI KU IBADAH PUASA'

**Allahu Akbar3X walillahil hamdu..**

Surupna panon poe dinten kamari jadi penanda atawa ciri wekasana bulan suci, diiring ku reangna nu maraca takbir jadi tanda lebaran geusan datang nepungan, ngadadak hate tagiwur ku rasa anu pacampur antara bungah jeung tugenah nu silih taur bungahna “tamat ngalaksanakeun ibadah puasa” tugenahna geuning geus sataun Silaturrahmi masih kahalang ku isu Virus Corona.



### **Hadirin jamaah sholat riyaya 'idul fitri rohimakumulloh**

Numutkeun Imam Al Ghozali, shaom teh kabagi kana 3 tingkatan: 1. Shaom awam 2. Shaom khowas 3. Shaom khowasil khowas. Upami Numutkeun Syeh Abdul Qodir al Jaelani mah nyaeta: Shaom syare'at, Shaom tarekat jeung Shaom hakekat.

1. Shaom awam atanapi shaom syareat. Mangrupaken Shaom nu sabatas nahan haus tina leueuteun, nahan lapar tina tuangeun, nahan sahwat tina jima. sedengkeun anggota badan sejena tetep liar tetep diumbar kanu teu halal.
2. Shaom khowas atawa Shaom tarekat. Nyaeta Shaomna Solihin, jalmi-jalmi nu satekah polah ngajaga anggahota badana tinu dicarek ku Agama, tinu matak nganyerikeun jalma, tinu matak ngaruksak kasasama, malah tina ngumbar HP jeung media tina ngahoax jeung ngahaok. Soca teu asal beunta, baham teu asal disada, panangan teu asal ngaraba, sadaya anggahotana puasa diraksa dijaga tina doraka teu kabates ku mangsa romadlon jeung bulan liana.
3. Shaom khowasil khowas atawa Shaom hakekat. Nyaeta Shaomna para Nabi, para Wali para Muqorrobin, salianti ngajaga anggahotana, manahna oge kebek ku mahabbah ka Allah, kepingan hatena tos teu aya ruang pikeun nu lian salianti pinuh ku dzikir ka Allah SWT, hatena salamina Saom tos tara ngemut nu liana sumawona bingung ku urusan dunya.

### **Allahu Akbar Allahu Akbar Walillahilhamdu**

### **Hadirin jamaah riyaya 'iedul fitri Rohimakumulloh.**

Tina tilu tingkatan shaom tadi bakal ngajanggelekeun parobahan nu beda-beda, mun di ibaratkeun kana sato, ibarat puasa Oray, puasa Hayam, puasa Hileud, tilu sato ieu mun awakna hayang aya parobahan maka dirina sok puasa.

Oray mun hayang ngora deui maka supaya megar dirina sok puasa tara baranghakan, ngan hasil tina puasa oray ukur nganteurkeun parubahan kana kulitna wungkul, sedengkeun ngarana angger oray, parabna angger parab oray, leumpangna oge angger ngaleor cara oray.

Terus Hayam, mun dirina nyileungleum supaya bisa megar maka hayam sok eureun baranghakan manasan awakna kucara puasa jeung tatapa, hasil puasa hayam ukur ngarobah tina endog jadi hayam, ngarana angger hayam, parabna angger parab hayam, leumpangna oge tetep leumpang hayam.

Nya kitu deui Hileud, mahluk nu pikagilaen paling rakus ngaruksak dangdaunan, tapi keur ningkatkeun ajen dirina hileud berusaha riyadloh manasan awakna ku jalan puasa, kajeun awak jadi rorongkong jeung kepompong nu penting hirup bisa jadi mulya bari



aya hargana, ternyata tina ladang puasana, hileud bisa ngahontal parubahan nu signifikan. Ngarana robah jadi Kukupu, bentukna robah jadi lucu, parabna robah ngajadi madu, leumpangna oge jadi ngapung gura-giru, malah bisa diolah jadi sutra nu hargana mahal kacida.

Ieu gambaran parubahan nu diudag tina atsar puasana jalma nu iman nyaeta, la'allakum tattaquun. Bisa ngajanggelek jadi muttaqin sajati, alias jalmi nu taqwa, nu salawasna ngaraksa raga tina doraka, ngaping batin tina panyakit ati jeung tina harewos iblis nu sok nyelip kana batina, nyaring pamikiran ku ilmu pangaweruh, ngajaga rasa ku dzikir jahar jeung khofina.

Maka Muttaqin nu kieu nu dijamin surga pitempateunana, dijamin rizki nu teu kudu ngincig jeung mikir, dibuka panto kaluar tina satiap masalahna, diawur ilmu ti lenggahing Allahna, malah dinyatakeun jadi kakasih Allahna.

إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْمُتَّقِينَ

Hartosna: Saenyana Allah mikacinta ka jalmi-jalmi nu taqwa. (At-taubah :4)

### **Allahu Akbar Allahu Akbar Walillahilhamdu Hadirin jamaah riyaya 'iedul fitri Rohimakumulloh**

Sohabat Sayyidina Abu Bakar Sidiq R.A. nyaurkeun:

حُبُّ الدُّنْيَا ظُلْمَةٌ وَالسِّرَاحُ لَهَا التَّقْوَى

Cinta dunyateh poek, lampu pikeun nyaanganana teh nyaeta lampu taqwa.

Nalika aktipitas dunya dimotivasi ku cinta maka matak jadi poek, aya istilah Cinta itu Buta, ditentang makin membentang, diusik makin asik, didukung beuki ngaberung, sahingga teu saalit jalmi ngusahakeun dunya catung dirarung, catang dirumpak, teu dituyun ku aturan, teu dipager ku bener, teu dihalangan ku haram, teu paduli najan kaleungitan taohid, rela najan kudu kaicalan akidah, wios najan kudu ninggalkeun ibadah, nupenting dina pikirana kumaha sangkan jadi duit jeung duit.

Hasil ahirna, ni'matna dunya teu pati karasa, nu nyesa teu sabaraha, awak ruksak emutan ngarakacak, setruk, setres, jeung sajabana, ibadah teu pernah mernah jeung tumaninah. Kusabab kitu supaya dunya jadi katenangan, kulobana teu matak takabur, eweuhna teu matak jadi kufur, maka kataqwaan kudu salawasna nyarengan ngarah



ca'ang satiap jalan lalampahan, kasaung kadayung kupitulung nu maha agung, ka aping ka jaring ku taopik nu maha suci. Kiwari urang aya dialam nu ahir, mun teu boga lampu taqwa bakal loba kabobodo tenjo kasamaran tingal.

*Kiwari loba kagorengan nu nyarupaan kahadean:*

*Tipuan nyarupaan aturan /Kadzoliman nyarupaan Kaadilan*

*Korupsi nyarupaan Bantuan /Hiburan nyarupaan Kaagamaan*

*Pengecut nyarupaan Ati-ati /Nekad nyarupaan kawani*

*Prustasi nyarupaan Pasrah / Bunuh diri nyarupaan jihad fisabilillah*

*Menta-menta nyarupaan Kasab /Ngedul nyarupaan Tawakal*

*Koret nyarupaan hemat /Riya nyarupaan tahadus bini'mat*

*Dukun nyarupaan Ulama / Preman nyarupaan Aparat nagara*

*TBC nyarupaan Corona /Diruang nyarupaan dipulasara.*

Pamugi tikawit dintenan munggaran Syawal ayeuna urang bisa ngabuktikeun hasil tina ibadah romadlon nyaeta taqwa, urang rumat tangkal taqwa ngarah ranum buah barokah. Praktek deetna, Sholat awal waktu, Kamasjid masing gura-giru, sing mayeng boga wudu, dzikir masing tangtu, hormat kasepuh jeung ka guru, Sodaqoh masing baku, jauhan ma'siat jeung goreng laku, Yu urang teruskeun lumaku ngahiberkeun qolbu dugi ka wusul ka Allah anu dituju.

Masjid terus ma'murkeun, diajar terus hirupkeun, tolabilul ilmi jeung silaturrahmi terus giatkeun, kasab ikhtiar terus jalankeun, ulah jadi jalma borangan, sing teuneung ludeung taya kasieun ku cara Istiqomah dina Iman (kuat akidah jeung ibadah ka Allah SWT). Sangkan jauh tina panyakit Wahan nyaeta, akibat Cinta dunya jeung sieun maot nu matak jadi sabab lemahna ummat Islam, Ahirna Wabah Corona dimanfaatkan ku korin alias Syetan keur nyingsieunan jeung nyasarkeun jelema, dawuh Allah dina Surat Ali Imron 175:

إِنَّمَا ذَلِكُمُ الشَّيْطَانُ يُخَوِّفُ أَوْلِيَاءَهُ فَلَا تَخَافُوهُمْ وَخَافُوا اللَّهَ إِن كُنْتُمْ مُؤْمِنِينَ

Hartosna: Pastina maranehna Syetan jeung balad-baladna nu bakal nyingsieunan ka aranjeun, maka tong sieun aranjeun ku maranehna, kudu sieunmah ku kami nyaeta Allah, mun aranjeun mangrupikeun jalma-jalma nu iman. (Ali Imron: 175)

Laksanakeun Protokol Covid 19 pikeun ikhtiyar dunya anu samentara jeung laksanakeun Protokol kasalametan aherat nu lana kudu leuwih digumatikeun.





الْكَافِرِينَ . اللَّهُمَّ اجْعَلْنَا مِنَ السُّعَدَاءِ الْمَقْبُولِينَ , وَلَا تَجْعَلْنَا مِنَ الْأَشْقِيَاءِ الْمَرْدُودِينَ , وَصَلَّى اللَّهُ  
 عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ , وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ , بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ , وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ  
 الْعَالَمِينَ .

Disusun ku: KH. Dede Khoer Apandi.

Dikualarkeun ku: Seksi Bimas Islam Kantor Kementerian Agama Kota Banjar Jawa Barat

Editor Bahasa: Imam Hamidi Antassalam

